

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina BAB IV hasil panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kamampuh maca pamahaman sajak siswa kelas X MIPA 3 SMA Negeri 15 Bandung saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Directed Reading-Thinking Activity* (DR-TA) kagolong can mampuh, rata-ratana 58,5. Katitén tina aspék téma, rasa, nada, suasana, amanat, eusi, diksi, ma'na denotatif jeung konotatif, imaji pangrasa jeung pangrampa, purwakanti, gaya basa, jeung wirahma kagolong can mampuh.

Kamampuh maca pamahaman sajak siswa kelas X MIPA 3 SMA Negeri 15 Bandung sabada dilarapkeun modél pangajaran *Directed Reading-Thinking Activity* (DR-TA) kagolong mampuh, rata-ratana 79,6. Katitén tina aspék téma, rasa, nada, suasana, amanat, eusi, diksi, ma'na denotatif jeung konotatif, imaji pangrasa jeung pangrampa, purwakanti, gaya basa, jeung wirahma kagolong mampuh.

Kamampuh maca pamahaman sajak siswa kelas X MIPA 3 SMA Negeri 15 Bandung sabada dilarapkeun modél pangajaran *Directed Reading-Thinking Activity* (DR-TA) ningkat tina can mampuh (58,50) jadi mampuh (79,60). Hartina modél *Directed Reading-Thinking Activity* bisa ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman sajak siswa kelas X MIPA 3 SMA Negeri 15 Bandung. Ditilik dina jihat aspék-aspékna ningkat, aspék téma tina can mampuh (0,67) jadi mampuh (0,94), aspék rasa tina can mampuh (0,72) jadi mampuh (0,97), aspék nada tina can mampuh (0,33) jadi mampuh (0,69), aspék suasana tina can mampuh (0,75) jadi mampuh (0,91), aspék amanat tina can mampuh (0,38) jadi mampuh (0,61) aspék eusi tina can mampuh (0,63) jadi mampuh (0,83), aspék diksi tina can mampuh (3,33) jadi mampuh (4,66), aspék kecap konkrét tina can mampuh (1,02) jadi mampuh (1,41), aspék imaji (0,88, jadi 1,50), aspék purwakanti (1,41 jadi 1,61), aspék gaya basa tina can mampuh (0,61) jadi mampuh (0,75), jeung aspék wirahma tina can mampuh (0,7) jadi mampuh (0,91). Dina sababaraha aspék, bisa

katitén aspék nu paling ningkat nyaéta aspék diksi. Ku kituna, bisa dicindekkeun modél *Directed Reading- Thinking Activity* (DR-TA) bisa ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman sajak siswa kelas X MIPA 3 SMA Negeri 15 Bandung dina unggal aspékna.

Aya béda anu signifikan antara kamampuh maca pamahaman sajak siswa kelas X MIPA 3 SMA Negeri 15 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Directed Reading- Thinking Activity* (DR-TA). katitén tina hasil hipotésis hasil t itungna nyaéta ($0,000 \leq 0,05$) atawa antara kurang ti 0,05. Hartina, H_a ditarima atawa H_0 ditolak. Ku kituna, modél pangajaran *Directed Reading- Thinking Activity* (DR-TA) éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman sajak kelas X MIPA 3 SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2019/2020.

5.2 Implikasi

Modél pangajaran *Directed Reading-Thinking Activity* (DR-TA) dina kamampuh maca pamahaman sajak. Larapna modél pangajaran *Directed Reading-Thinking Activity* (DR-TA) miboga implikasi yén ieu modél bisa ditarima ku siswa. Nalika prak-prakanna siswa leuwih aktif interaksi jeung babaturanna, siswa leuwih kréatif, jeung siswa jadi mikir kritis ku sabab ieu modél dilarapkeun dina diskusi kelompok atawa cooperative learning. Modél pangajaran kelompok leuwih éféktif ku sabab siswa diajar diskusi dina ngaréngsékeun pasualanana.

5.3 Rekomendasi

- a. Dumasar kana hasil panalungtikan, yén modél *Directed Reading-Thinking Activity* (DR-TA) téh éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman sajak. Kusabab kitu, modél *Directed Reading-Thinking Activity* (DR-TA) bisa dijadikeun modél alternatif ku guru dina pangajaran maca pamahaman sajak di sakola khususna di SMA .
- b. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, ku sabab kitu perlu ayana panalungtik séjén anu ngagunakeun métode ékspérimén murni.